

PANGEMBANGAN MEDHIA PASINAON CERGAM ABASIS *LIFT THE FLAP BOOK* KANGGO NGUNDHAKAKE KAWASISAN NULIS CRITA TUMRAP SISWA KLAS VIII MTSN 6 KEDIRI

Yonanda Hana Yosrila

S-1 Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
yonandayosrila@mhs.unesa.ac.id

Pembimbing

Dra. Hj. Sri Sulistiani, M.Pd

Dosen Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
srisulistiani@unesa.ac.id

Abstrak

Asil observasi masalah sing dialami guru lan siswa yaiku kurang efektifitas pasinaon basa Jawa. Bab kasebut ndadekake siswa kurang trampil anggoné nulis, mula medhia cergam abasis *lift the flap book* dianakake. Tujuwane panliten iki yaiku ngandharake kepriye proses pangembangan medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book* lan kualitas prodhuk diwawas saka validitas, kapraktisan, lan kaefektivane prodhuk.

Asil panliten iki ndheskripsikake proses pangembangan medhia pasinaon lan kualitas prodhuk. Asil kualitas prodhuk dideleng saka validitas prodhuk, kapraktisan, lan kaefektifan medhia. Asile nuduhake: (1) validitas materi kanthi rata-rata 3,90 nuduhake kategori “Apik Banget” lan validitas medhia kanthi rata-rata 3,60 kategori “Apik”. Saka asil validitas bisa didudut yen medhia pasinaon valid lan bisa dienggo ing klas eksperimen. (2) Kapraktisan medhia diolahake saka asil angket respon siswa lan lembar pengamatan guru. Angket respon siswa ngolehake rata-rata 3,50 kanthi kategori “Apik” lan lembar pengamatan guru rata-rata 3,63 kategori “Apik”. Saka asil kasebut didudut medhia pasinaon praktis dienggo mulang ing klas. (3) Kaefektifan medhia diolahake kanthi cara nindakake uji coba kaping pindho. Uji coba kapisan ngolehake asil uji *t-test* nganggo SPSS 24 *for windows* kanthi taraf signifikansi 5%, $t_{hitung} 16,69 > t_{tabel} 1,66$ signifikan lan efektif. Uji coba kapindho ngasilake uji *t-test* uga nganggo SPSS 24 *for windows* kanthi taraf signifikansi 5%, $t_{hitung} 16,25 > t_{tabel} 1,66$ signifikan lan efektif. Saka asil analisis kasebut didudut: hipotesis mbuktekake anane pambeda sing signifikan antarane klas eksperimen karo klas kontrol, H_0 ditampa H_a ditolak. Tegese, asil pasinaon basa Jawa materi teks crita nganggo medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book* bisa ngundhakake kawasisan nulis crita siswa.

Tembung wigati: pangembangan, medhia, teks cerita, cergam.

Proses kreatif sajrone kegiatan pasinaon sajrone kelas diperlokake banget. Bab kasebut adhedhasar UU Sistem Pendidikan Nasional No 20 taun 2003 sing nyebutake yen pasinaon yaiku proses interaksi antarane guru lan siswa uga sumber pasinaon ing sawijine lingkungan pasinaonan. Ngrujuk saka Asmani (2009: 39), guru uga nduweni peran penting utamane minangka organisator, fasilitator, lan motivator. Saliyane kuwi, ana bab liya kang ndhasari proses kreatif sajrone pasinaonan utamane yaiku Basa Jawa sing nduweni peran penting tumrap lestari budaya Jawa. Bab kasebut disengkuyung pamarentah lumantar Peraturan Gubernur (Pergub) Jawa Timur Nomor 19 Tahun 2014 ngenani mata pelajaran Basa Dhaerah (Jawa lan Medura) minangka muatan lokal wajib ing sekolah utawa madrasah. Kanthi Pergub kasebut basa Jawa bisa diupayakake kalestarene liwat pendhidhikan sing ditrapake ing saben sekolahan. Pasinaon Basa Jawa bisa disengkuyung kanthi guru minangka fasilitator lan motivator lan nggunakake

medhia pasinaon kanggo mbantu siswa mangerteni materi sing kudu disinaoni. Medhia pasinaon uga kalebu wujud proses kreatif sajrone pasinaonan.

Saka asil pangamatane panliti, masalah sing dialami guru lan siswa saiki utamane ing pasinaon Basa Jawa yaiku ana saperangan guru pengampu Basa Jawa ora nganggo medhia pasinaon nalika mulang ing klas. Siswa bahan ajare kurang amarga mung sinau saka buku LKS (Lembar Kerja Siswa) tanpa anane buku paket.

Kompetensi siswa tumrap pasinaon Basa Jawa yaiku kamampuan sing kudu dikuwasani dening siswa sawise nyinau basa Jawa. Kamampuan utawa kompetensi kasebut nyakup pengetahuan (kawasisan), katrampilan, lan sikap. Kaitane karo pasinaon Basa Jawa, siswa sing mung diwulang nganggo LKS jelas kurang efektif tumrap kompetensi siswa sing kudu digayuh. Sajrone LKS mung ana ringkesan materi. Ringkesan materi kasebut kadhang kala kurang jangkup lan kudu diterangne langsung dening guru. Saka fenomena kasebut, katrampilan nulise isih

kurang ketimbang maca lan ngrungokake. Bab nulis dibiji kurang amarga siswa kangelan anggone nulis nganggo Basa Jawa sing trep. Kurange katrampilan nulis iki bisa diasah ing kompetensi dhasar 3.1 ngenani teks crita. Siswa bisa latihan nulis crita kanthi indhikator indhentifikasi struktur teks crita, analisis basa rinengga, lan nyimpulake amanat sajrone teks crita.

Siswa isih kurang banget ing bageyan nulis, mula panliti nggawe rancangan medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book*. Medhia pasinaon kasebut dipilih adhedhasar pengamatan tumrap siswa saiki sing luwih seneng yen sumber sinaune nyenengake, akeh gambare lan wernane, ora mung tulisan wae. Panliti ngrancang medhia pasinaon kanthi ngombinasekake wujud visual buku cergam karo *lift the flap book* minangka solusi kanggo sarana sinau siswa sing luwih nyenengake lan bisa nggawe siswa luwih bisa nampa materi kanthi gampang. Kaunggulan saka medhia pasinaon kasebut yaiku interaktif kanggo siswa lan nyenengake merga medhia sing digawe beda karo medhia pasinaon liyane. Siswa bisa luwih gampang latihan nulis merga sajrone medhia pasinaon ana materi kang nyengkurung bab katrampilan nulis. Panliten iki uga dikarepake bisa mbiyantu guru bisa luwih kepenak anggone menehi materi ajar sing trep karo kahanane para siswa saiki.

Saliyane sing wis kasebut sadurunge, panliten iki uga ditinting saka panliten kang saemper. Panliten-panliten kasebut yaiku:

- (1) *Pengembangan Media Buku Cerita Bergambar tentang Submateri Prinsip-prinsip Menggambar Model untuk Peserta Didik Kelas VIII MTs. Al-Ittihad Poncokusumo*, dening Sevina Zuhrie Wardana (Universitas Negeri Malang, 2016). Panliti ngasilake medhia pasinaon arupa buku cergam kanthi isi submateri prinsip-prinsip nggambar modhel kanggo peserta dhidhik klas VIII. Medhia kasebut ditliti nganggo quasi eksperimen amarga panliti mung nggolek anane sebab akibat saka panliten. Modhel panliten sing dienggo panliten iki yaiku modhel pangembangan Borg lan Gall. Panliti ndudut kaefektifan medhia pasinaone nganggo asil validhitas medhia 88%, validhitas materi 91%, lan asil uji coba klompok gedhe 82%. Asil itungan kasebut nuduhake medhia pasinaon buku cergam ngenani submateri prinsip-prinsip nggambar modhel kanggo peserta dhidhik dianggep bisa dienggo lan nunjang pasinonan.
- (2) *Pengembangan Media Pembelajaran Buku Cerita Bergambar Bencana Banjir Subbab Masalah Lingkungan Hidup dan Upaya Penanggulangannya Mata Pelajaran IPS Kelas VIII di SMP Muhammadiyah 9 Ngemplak Kabupaten Boyolali*, dening Hasna Nistrina (Universitas Muhammadiyah Surakarta, 2018). Panliti nggawe medhia arupa buku

cergam kanthi isi materi bencana banjir sajrone pasinaon IPS subbab masalah lingkungan hidup lan upaya penanggulangan kanggo siswa SPM klas VIII. Panliti nganggo quasi eksperimen utawa nggolek pangaruh sing timbul minangka akibat anane tumindak tartamtu lan nggunakake modhel pangembangan pamawas saka Sugiyono. Asil uji coba medhia kasebut mbuktekake hipotesis anane pambeda tumrap klas eksperimen lan klas kontrol nganggo itungan uji *Mann Whitney U-Test*. Rata-rata klas kontrol ngolehake *pretest* 5,2 lan *posttest* 6,4, dene klas eksperimen ngolehake asil *pretest* 5,3 lan *posttest* 7,5. Adhedhasar asil kasebut panliti menehi dudutan yen panggunane medhia pasinaon buku cergam *bencana banjir pada materi masalah lingkungan hidup dan upaya penanggulangannya* luwih efektif timbang pasinaon konvensional.

- (3) *Pengembangan Media Pembelajaran Buku Cerita Bergambar untuk Pembelajaran IPS Siswa SMP Kelas VIII*, dening Rahimah Rabita Nor Prihatina (Universitas Negeri Yosyakarta, 2015). Panliti nggawe buku cergam kanthi materi permasalahan lingkungan lan pembangunan berkelanjutan minangka medhia pasinaon kanggo SMP klas VIII. Panliten pangembangan medhia iki ditliti nganggo modhel pangembangan Borg lan Gall. Panliten iki kalebu ing *one-group pretest-posttest design*. Panliten iki mung sewates mbuktekake kelayakan medhia. Medhia kasebut dinyatakake layak saka aspek pambiji ahli materi, ahli medhia, guru IPS utawa siswa kanthi rerata 4—4,65 kategori apik—apik banget. Panliti ndudut yen medhia sing wis dikembangake dinyatakake layak dienggo.
- (4) *Pengembangan Lift The Flap sebagai Bahan Ajar Pendukung pada Materi Sistem Penilaian Persediaan di Kelas XI Akutansi SMK Negeri 10 Serabaya*, dening Nur Rizkia Rahmayanti (Jurnal Unesa, 2018). Panliten kasebut yaiku mrodhuksi bahan ajar *lift the flap* kanggo ngatasi minat maca siswa sing kurang. Panliten iki nganggo modhel panliten 4-D. Kelayakan bahan ajar kasebut mlebu ing quasi eksperimen nanging ora ana tindakan eksperimen sajrone. Asil uji cobane mung dienggo ngolehake kelayakan. Kelayakan penyajian 85.62% kategori trep banget, kelayakan basa 80% kriteria trep, kelayakan grafik 68,85% kriteria trep, lan rata-rata asil saka petang komponen ahli materi, basa lan grafis yaiku 80% kanthi dudutan trep, bisa dienggo kagiyatan pasinaon.
- (5) *Pengembangan Buku Cerita Bergambar Bahasa Jawa Untuk Meningkatkan Keterampilan Menulis dan Membaca Siswa Kelas II MI Sabilul Huda Senden Peterongan Jombang* dening Nur Zainab

(Universitas Islam Negeri Maulana Malik Ibrahim Malang, 2016). Panliten kasebut nggawe prodhuk arupa buku crita gambar sing sajrone ngamut gambar ilustrasi kanthi telung tema ing saben tema ana crita lan latihan soal kanggo nglatih katrampilan nulis lan ngomong siswa. Panliten kasebut nganggo modhel pangembangan Borg lan Gall sing diadhopsi dening Sadiman. Panliten uga nganggo quosi eksperimen tumrap panlitene supaya bisa magerteni ana orane sebab akibat sajrone panliten tumrap subjek uji coba. Asil saka eksperimen sing ditindakake panliti ngasilake uji *t-test* rata-rata klas kontrol luwih cilik dibanding klas eksperimen ing soal *post-test* yaiku $60,03 < 69,33$. Saka itungan kasebut panliti ndudut yen medhia pasinaon kanthi signifikan efektif

Referensi-referensi kang saemper kasebut minangka acuan panliti kanggo nggawe medhia cergam kang beda. Beda ing kombinasi (*lift the flap book*), materi, mata pelajaran, lan jenjang pendhidhikan. Saka bab kasebut medhia pasinaon cergam abasis lift the flap book digawe lan dienggo solusi kanggo masalah kapanulisan siswa.

Kanthi masalah sing ana, panliti ngrancang rumusan masalah sing bisa nyengkuyung kalaksanane solusi kapanulisan siswa nganggo medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book*. Rumusan-rumusan kasebut ing antarane kepriye proses pangembangan medhia pasinaon lan kepriye kualitas saka medhia pasinaon dideleng saka validhitas prodhuk, kapraktisan, lan kaefektivan prodhuk kanggo menehi daya tumrap undhak-undhakan kawasisan nulis siswa. Rumusan-rumusan iki tujuwan umume kanggo ndeskripsikake proses pangembangan medhia pasinaon lan kualitas saka medhia pasinaon. Ana uga tujuwan khusus saka panliten iki yaiku ndeskripsikake kepriye validhitas saka prodhuk, kapraktisan prodhuk, lan kaefektivan prodhuk medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book*. Panliten iki dikarepake bisa dadi salah sawijine sumber pustaka kanggo ngembangake medhia pasianon sing memper kanggo ngundhakake kawasisan nulis siswa. Medhia pasinaon sing digawe uga bisa dienggo ngundhakake kawasisan nulis siswa, nduweni kontribusi kanggo nggampangake guru njlentrehake kompetensi dhasar 3.1 materi teks crita, lan panliten iki dikarepake bisa didadekake bahan rujukan minangka solusi saka masalah kapanulisan siswa.

METODHE

Jinis panliten sing ditindakake ing panliten iki yaiku paniten pangembangan. Jinis panliten sing gunane kanggo nliti prodhuk tartamtu sing arep dikembangake. Prodhu kasebut sabacute digoleki kualitase saka validhitas, kapraktisan, lan kaefektivane (Sugiyono, 2016: 406). Panliten pangembangan medhia pasianon cergam

abasis lift the flap book ditindakake nganggo prosedhur panliten Borg lan Gall sing ditinting dening Sugiyono. Sugiyono mbedakake panliten pangembangan dadi petang level. Petang level kasebut yaiku level kapisan nliti tanpa nguji, nguji tanpa nliti mung sewates menehi validhitas, nliti lan nguji sajrone upaya ngembangake prodhuk sing wis ana, lan nliti lan nguji kanggo nyiptakake prodhuk anyar. Saka petang level kasebut, panlite iki kalebu ing panliten pangembangan level telu. Nliti lan nguji minangka upaya kanggo ngembangake prodhuk sing wis ana kanthi cara menehi kombinasi utawa modhifikasi tumrap prodhuk sing wis ana kasebut. Prosedhur-prosedhur kasebut yaiku (1) nganalisis prodhuk sing ana, (2) studhi literatur lan panliten lapangan, (3) rancangan prodhuk anyar, (4) ngrancang prodhuk anyar, (5) revisi dhesain, (6) proses nggawe prodhuk, (7) uji coba siji-siji, (8) revisi prodhuk kapisan, (9) uji coba klompok cilik, (10) revisi prodhuk kapindho, (11) uji coba lapangan operasional, (12) revisi prodhuk pungkasan, lan (13) dhesiminasi lan implementasi.

Panliten pangembangan iki asil dhatane kajupuk saka metodhe campuran, kuantitas lan kualitas. Bab iki selaras karo pamanggih Putera (2012, 86) sing nyebutake yen panliten pangembangan lumrahe ditliti nganggo *mix method* minangka punjere. Metodhe kuantitatif ing panliten iki gunane kanggo ngumpulake dhata, dene metodhe kualitatif dienggo ngandharake asil dhata sing kajupuk. Panliten pangembangan sing ditindakake uga nganggo quasi eksperimen. Tujuwane kanggo meruhi kepriye proses lan asil uji coba saka panliten sing ditindakake ing klas eksperimen lan kontrol.

Dhata dijupuk kanthi cara menehi angket, tes, wawancara, lan observasi. Angket diwenehake marang siswa kanggo meruhi kabutuhan siswa lan respon siswa tumrap medhia pasianon. Tes sing diwenehake yaiku *pre-test* lan *post-test*. Tes ditindakake ing klas eksperimen lan klas kontrol. Tujuwane kanggo meruhi asil sadurunge lan sawise uji coba ditindakake. Wawancara ditindakake kanggo meruhi pamanggih guru ngenani pasiaon basa Jawa sing kalaksanan ing sekolah. Pungkasane observasi, ditindakake kanggo meruhi kepriye lingkungan sekolah, utamane proses sinau siswa lan guru nalika ing klas uga kanggo meruhi proses panliten ing klas sing dibiji dening guru mata pelajaran.

Sumber dhata sing dienggo ing panliten iki yaiku subjek uji coba sing dijupuk kanthi cara teknik *purposive sampling*. Teknik kasebut nggunakake cara menehi kriteria tumrap sampel sing arep dienggo uji coba (Sugiyono, 2016: 85). Teknik kasebut ditrepake menyang kelas-kelas sing ana ing sekolah.

Dhata sing wis diolah saka uji coba sabacute diolah lan dianalisis. Dhata diolah kanthi ngitung rumus-rumus sing trep kanggo dhata-dhata kuantitatif. Dhata asil

tes diitung nganggo rumus *t-test*. Kanthi skala Likert, angket lan lembar pegamatan diitung nganggo rumus presentase. Asil saka itungan kasebut sabacute didheskripsekake supaya maksud lan tujuwane gamblang.

ASIL LAN DHISKUSI

Ing bab iki bakal dijlentrehke asil-asil saka proses lan wangsulun saka rumusan masalah. Andharan kasebut bisa dideleng ing ngisor iki.

Proses Pangembangan Medhia Pasinaon Cergam Abasis Lift the Flap Book

Proses pangembangan medhia pasinaon sing wis ditindakake yaiku prosedhur pangembangan Borg lan Gall level 3 tintingan Sugiyono (2017). Proses-proses kasebut ing antarane: (1) nindakake analisis tumrap panliten sing wis ana, asile ana saperangan panliten kang saemper karo panliten iki sing medhia utamane cergam nanging kanthi kombinasi kang beda-beda. (2) Studhi literatur lan panliten lapangan, saka proses iki panliti nemokake saperangan informasi ngenani kondhisi klas, proses pasinaon basa Jawa ing sekolah, lan kepriye kabutuhan siswa tumrap pasiaon basa Jawa. (3) Ngrancang prodhuk anyar, saka analisis panliten lan studhi literatur, panliti nemokake idhe kombinasi kanggo medhia cergam sing dibiji bisa lan trep kanggo ngundhakake kawasisan nulis crita siswa yaiku *lift the flap book*. (4) Proses validhasi dhesain prodhuk, ditindakake ing rong aspek yaiku materi lan medhia. Saben aspek divalidhasi kaping pindhho. Validhasi kapisan dienggo mbiji kakurangan sing ana sajrone dhesain medhia pasiaon, dene kaping pindhho kanggo menehi biji asil final saka dhesain sing wis direvisi. (5) Revisi dhesain ditindakake nalika validhasi kapisan. Ing vallidhasi kapisan dhesain medhia pasinaon ngolehake revisi ing begeyan materi babagan tetenger tumrap materi lan tuladha materi sing ana sajrone teks crita lan menehi tambahan ilustrasi ing bageyan gladhen. Revisi medhia ditindakake ing begeyan tetenger jendhela buku utawa *flap*. (6) Proses nggawe medhia ditindakake nalika rancangan dhesain ngolehake validhitas final ing proses validhasi kapindhho. Proses nggawe medhia iki kaperang dadi petang proses. Proses kaspisan yaiku ngarang crita. Crita sing digawe kanggo medhia pasinaon nggambarake crita sing bisa menehi motivasi tumrap siswa. Crita kapisan nduweni tema lingkungan lan crita kapindhho nduweni tema sosial. Proses nggawe prodhuk kapindhho yaiku proses nggawe sketsa. Sketsa

kanggo ilustrasi digawe manut karo inti sari crita. Sabacute proses katelu yaiku proses nggambar ilustrasi saka sketsa sing wis digawe. Pungkasane yaiku proses nyetak medhia sing wis dadi. (7) Uji coba siji-siji yaiku prosese kanthi nguji medhia pasinaon menyang telung siswa lan dijaluki pambiji liwat angket respon siswa. (8) Revisi prodhuk kapisan ora ditindakake amerga saka asil presentase uji coba siji-siji nyatakake yen medhia pasinaon layak lan ora perlu direvisi. (9) Uji coba lapangan utama, prosese yaiku nguji medhia pasinaon menyang sepuluh siswa lan dilakokake pambiji saka siswa sing ngisi angket respon siswa. (10) Revisi prodhuk kapindhho uga ora ditindakake amerga presentase saka asil uji coba klompok cilik nyatakake kriteria medhia pasinaon sing layak lan ora perlu direvisi. (11) Uji lapangan operasional ngasilake prodhuk sing layak diengga tanpa kudu direvisi. (12) Revisi prodhuk pungkasan ora ditindakake amerga ing proses uji coba operasional, angket saka siswa ngolehake itungan kang layak lan ora perlu direvisi. (13) Proses pungkasan yaiku dhesiminasi lan implementasi, proses kasebut yaiku proses nggandhakake medhia pasinaon lan ngetrepake medhia pasinaon. Proses iki ora ditindakake amerga wewates saka kamampuan panliti lan sekolah.

Validhitas Medhia Pasinaon Cergam Abasis Lift the Flap Book

Validhitas medhia pasiaon ditindakake kanggo meruhi layak orane medhia pasinaon dienggo mulang lan nliti ing klas. Validhasi ditindakake karo para ahli yaiku ahli materi lan ahli medhia. Ing validhasi kapisan medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book* ngalami revisi. Revisi kanggo materi yaiku menehi werna ing saben teks crita sing ngandhut materi lan nambahi ilustrasi tumrap evaluasi utawa gladhen sing ana ing medhia pasiaon, dene revisi kanggo medhia yaiku mung ngewenehi panandha bageyan *flap* supaya bageyan kasebut ora jumbuh karo ilustrasi crita. Angket validhasi akhir materi yaiku ngolehake angka 3,90 kanthi kriteria “Apik Banget”, tegese medhia siyap lan layak banget dienggo mulang, dene validhasi akhir medhia ngasilake angka 3,60 kanthi kriteria “Apik”, tegese medhia pasinaon wis layak dienggo ngajar ing klas.

Kapraktisan Medhia Pasinaon Cergam Abasis Lift the Flap Book

Kapraktisan medhia dienggo mbuktekake medhia pasiaon pancen praktis utawa menakake anggone mulang lan sinau tumrap materi sing disampeke. Kapraktisan medhia iki dideleng saka asil angket respon siswa lan angket kaaktifan siswa. Angket respon siswa nyatakake medhia pasiaon cergam abasis *lift the flap book* praktis kanthi asil angka 3,50 kategori “Apik”. Angket kaaktifan siswa kanthi asil analisis nuduhake

kapraktisan utawa penak dienggo mulang lan bisa menakake sianu ngenani materi teks crita, asil itungan 3,63 kategori “Apik”.

Kaefektivan Medhia Pasinaon Cergam Abasis Lift the Flap Book

Sadurunge nindakake panliten ing klas eksperimen lan pambandhing ing klas kontrol, luwih dhisik ditindakake uji coba instrumen. Tujuwane kanggo manguhi kabeh instrumen sing disiyapake layak apa ora dienggo panliten ing klas eksperimen lan pambandhing ing klas kontrol. Uji coba instrumen ditindakake kanthi cara menehi soal pre test, proses pasinaon lan post test. Instrumen pre test lan post test diitung nganggo rumus Alfa Cronbach (Arikunto, 2006: 196) kanthi signifikansi 5%.

Tabel Rekapitulasi Asil t -test


	Klas Eksperimen	Klas Kontrol	Bandhingan
Uji Coba 1	23,04	11,10	16,69
Uji Coba 2	16,55	29,56	16,25

Asil saka itungan rumus kasebut ngasilake reliabilitas uji instrumen kapisan ing soal pre test ngolehake $r_{hitung} 0,44 > r_{tabel} 0,308$ lan post test ngasilake $r_{hitung} 2,84 > r_{tabel} 0,308$. Uji instrumen ing uji coba kapisan ngasilake instrumen sing reliabel lan bisa dienggo ing panliten klas eksperimen lan pambandhing ing klas kontrol. Uji instrumen kapindho ngasilake itungan reliabilitas pre test $1,189 > r_{tabel} 0,308$ lan post test $r_{hitung} 0,796 > r_{tabel} 0,308$. Saka itungan kasebut bisa didudut yen uji instrumen ing uji coba kapindho reliabel lan bisa dienggo panliten ing klas eksperimen lan klas kontrol.

Kaefektifan prodhuk diolahake saka asil uji coba klas kontrol lan klas eksperimen. Uji coba ditindakake kaping pindho nganggo rumus uji t -test ing SPSS 24 for windows kanthi taraf signifikansi 5%. Ing uji coba kapisan, uji coba ngasilake bandhingan pre-test lan post-test klas kontrol kanthi taraf signifikansi $t_{hitung} 11,10 > t_{tabel} 1,68$. Asil kasebut negesake anane pambada undhak-undhakan tumrap kawasisan nulis siswa ing klas kontrol uji coba kapisan. Bandhingan pre-test lan post-test klas eksperimen uji coba kapisan ngasilake $t_{hitung} 23,04 > t_{tabel} 1,69$ kanthi dudutan anane pambada undhak-undhakan kawasisan nulis teks crita tumrap uji coba ing klas eksperimen. Sabanjure ditindakake bandhingan maneh kanthi asil klas kontrol lan klas eksperimen. Bandhingan rong klas kasebut ing uji coba kapisan yaiku $t_{hitung} 16,69 > t_{tabel} 1,66$ kang negesake H_a ditampa. Asil kasebut negesake anane pambada undhak-undhakan kawasisan nulis teks crita siswa sing signifikan lan medhia pasinaon efektif dienggo mulang ing klas.

Ing uji coba kapindho, uji coba ngasilake bandhingan antara asil pre-test lan post-test klas kontrol $t_{hitung} 29,56 > t_{tabel} 1,68$. Asil kasebut nggambarake anane pambada tumrap kabisane siswa nulis teks crita. Bandhingan asil pre-test lan post-test klas eksperimen uji coba kapindho ngolehake itungan $t_{hitung} 16,55 > t_{tabel} 1,69$. Asil bandhingan klas eksperimen kasebut negesake anane pambada kawasisan nulis teks crita sadurunge oleh pasinaon nganggo medhia karo sawise nganggo. Sabanjure, supaya panliti meruhi anane pambada kanthi nyata, panliti mbandhingake maneh antarane klas eksperimen lan klas kontrol. Bandhingan kasebut ngasilake $t_{hitung} 16,25 > t_{tabel} 1,66$ kang tegese H_a ditampa. Asil iku mbuktikake yen ana pambada sing signifikan tumrap kawasisan nulis crita siswa.

Tabel Diagram Asil Eksperimen



Saka eksperimen sing ditindakake panliti menyang siswa klas VIII MtsN 6 Kediri nyatakake anane pambada utawa ana signifikansi tumrap asil uji coba. Eksperimen sing ditindakake kaping pindho nuduhake yen ana pengaruh medhia pasinaon tumrap kawasisan katrampilan. Medhia pasinaon cergam abasis lift the flap book kabukti bisa ngundhakake kawasisan nulis teks crita tumrap siswa klas VIII MtsN 6 Kediri. Asil panliten iki saliyan kabukti saka asil uji hipotesis uga disengkuyung dening validitas prodhuk lan kapraktisan medhia pasinaon dideleng saka angket respon siswa, lan angket kaaktifan siswa. Validitas prodhuk kaperang dadi validitas materi sing ngolehake skor rata-rata 3,90 kalebu kategori “Apik Banget” lan validitas medhia kanthi skor rata-rata 3,60 mlebu ing kategori “Apik”. Dudutane, medhia pasianon valid lan layak dienggo mulang ing klas. Kapraktisan prodhuk sing diasilake dideleng saka asil angket respon siswa sing ngolehake rata-rata 3,50 kategori “Apik” lan angket kaaktifan siswa kanthi rata-rata skor 3,63 kategori “Apik”. Dudutane yaiku prodhuk medhia pasinaon cergam abasis lift the flap book praktis dienggo mulang ing klas.

DUDUTAN LAN PAMRAYOGA

Dudutan

Panliten iki diteliti lan diproses nganggo prosedhur pangembangan Borg lan Gall sing diwawas dening

Sugiyono. Saka petang wawasan sing diandharake dening Sugiyono, panliten iki kalebu ing prosedhur pangembangan level 3 yaiku ngembangake prodhuk sing wis ana. Kualitas cergam abasis *lift the flap book* dibuktekake karo validhitas prodhuk, kapraktisan prodhuk, lan efektifitas tumrap pasinaon basa Jawa materi teks crita.

Kualitas medhia pasinaon cergam abasis *lift the flap book* dibuktekake kanthi validhitas prodhuk, kapraktisan prodhuk, lan kaefektifan. Prodhu ngasilake validhitas materi kanthi angka rata-rata 3,90 kategori “Apik Banget” lan validhitas medhia kanthi angka rata-rata 3,60 kategori “Apik”. Saka rong validhitas kasebut didudut kaputusan yen medhia pasinaon valid lan layak dienggo mulang ing klas. Kapraktisan prodhuk dibuktekake saka asil angket respon siswa kanthi asil rata-rata 3,50 kategori “Apik” lan angket kaaktifan siswa kanthi asil rata-rata 3,63 kategori “Apik” sing nyatakake praktis dienggo mulang ing klas. Pungkasane ing kaefektifan medhia sing dibuktekake kanthi cara mbandhingake antarane asil klas eksperimen lan klas kontrol ing ing uji coba kapisan lan kapindho. Ing uji coba kapisan bandhingan klas eksperimen lan klas kontrol ngasilake $t_{hitung} 16,69 > t_{tabel} 1,66$ dene uji coba kapindho ngasilake bandhingan klas eksperimen lan klas kontrol $t_{hitung} 16,25 > t_{tabel} 1,66$. Saka rong uji coba, hipotesis mbuktekake anane pambada tumrap signifikansi undhak-undhakan kawasisan nulis crita siswa, tegese hipotesis alternatif (H_a) ditampa lan hipotesis nol (H_0) ditolak.

Pamrayoga

Panliten iki ngembangake cergam kanthi kombinasi *lift the flap book* kanggo materi basa Jawa teks crita. Saliyane iku, panliten iki dianakake supaya siswa luwih bisa nyinau basa Jawa lan asil pangembangane bisa dimplimentasekake menyang sekolah-sekolah. Mula panliti ngarepake panliti liyane bisa nindakake panliten pangembangan pasinaon basa Jawa nganggo materi liyane lan diimplementasekake uga menyang lembaga pendhidhikan. Bab kasebut supaya pasinaon basa Jawa bisa luwih efektif lan luwih bisa disenengi siswa ing era millenial iki.

KAPUSTAKAN

Abuiyada, Reem. 2018. *Traditional Development Theories have failed to Address the needs of the majority of People at Grassroots Levels with Reference to GAD*. International Journal of Business and Social Science. 9(9): 115.

Adipta, Hendra, Maryaeni, & Hasanah, Muakibatul. 2016. *Pemanfaatan Buku Cerita Bergambar Sebagai Sumber Bacaan Siswa SD*. Jurnal Pendidikan: volume 1.

Akdon, lan Riduwan. 2009. *Aplikasi Stilistika dan Metode Penelitian untuk Administrasi dan Manajemen*. Bandung: Dewa Ruci.

Arief S. Sadiman, dkk. 2009. *Media Pendidikan*. Jakarta: PT Raja Grafindo.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta

Arsyad, Azhar. 2010. *Media Pembelajaran*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.

Daryanto. 2015. *Media Pembelajaran*. Bandung: PT. Sarana Tutorial Nurani Sejahtera

Dewantari, A.A. 2014. *Sekilas Tentang Pop Up, Lift the Flap Book, dan Movable Book*. Jurnal, (online). (<http://dgi.or.id/read/observation/sekilas-tentang-pop-up-lift-the-flap-dan-movable-book.html>, diundhuh 4 Januari 2020)

Djali dan Muljono, P. 2006. *Pengukuran dalam Bidang Pendidikan*. Jakarta: Grasindo.

Effendy, Bangsa Y. & Yudani H. D. 2013. *Perancangan Buku Bergambar Dang Dehunai untuk Anak usia 4-6 Tahun*. Surabaya: Universitas Kristen Petra.

Gejir, I Nyoman, dkk. 2017. *Media Komunikasi dalam Penyuluhan Kesehatan*. Yogyakarta: ANDI.

Hadi, Sutrisno. 1991. *Analisis Butir untuk Instrumen Angket, Tes, dan Skala Nilai*. Yogyakarta: FP UGM.

Hapsari, Novia Rizki. 2016. *Pengembangan Buku Apresiasi Teks Fabel Bermuatan Nilai-nilai Karakter Bagi Siswa SMP*. Jurnal Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia. 5(2): 15.

Hasyim, Adelina. 2016. *Metode Penelitian dan Pengembangan di Sekolah*. Yogyakarta: Media Akademi.

Harini, Novita. 2013. *Terapi Warna untuk Mengurangi Kecemasan*. Jurnal Ilmiah Psikologi Terapan. 01(01): 293.

Hill, L. 2014. *Introduction: The Trope of Picture Book. In visualizing Blackness and the Creation of the African American Literary Tradition*. Cambridge Studies in American Literature and Culture, pp 1-20. Cambridge University Press.

<http://badanbahasa.kemdikbud.go.id/lamanbahasa/content/pelindungan-bahasa-daerah-dalam-kerangka-kebijakan-nasional-kebahasaan>

- <https://www.spssindonesia.com/2015/05/cara-uji-independent-sample-t-test-dan.html> (Diakses tanggal 12 Februari 2020)
- Miarso, Yusufhadi. 2004. *Menyemai Benih Teknologi Pendidikan*. Jakarta: Kemcana Media Grup.
- Mudlofir, Ali, lan Evi Fatimatur Rusydiyah. 2015. *Desain Pembelajaran Inovatif dari Teori ke Praktik*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2015. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Prastowo, Andi. 2012. *Panduan Kreatif Membuat Bahan Ajar Inovatif*. Jogjakarta: Diva Press.
- Roberts, D. 2010. *Books and Pictures*. In Thomas Betterton: The Greatest Actor of the Restoration Stage, pp. 173-183. Cambridge University Press.
- Smith, V. 2001. *All in a Flap About Reading: Catherine Morland, Spot, and Mister Wolf*. *Childre's Literature in Education*. 32: 225-236.
- Subino. 1986. *Konstruksi dan Analisis Tes: Suatu Pengantar Kepada Teori Tes dan Pengukuran*. Jakarta: Ditjen Dikti Depdikbud.
- Sadiman, dkk. 2014. *MEDIA PENDIDIKAN Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada.
- Sugiyono. 2016. *Metode Penelitian Pendidikan (Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D)*. Bandung: Alfabeta.
- Sujana, Nana, lan Ahmad Rivai. 2015. *Media Pengajaran*. Bandung: Sinar Baru Algensindo.
- Sukmadinata, Nana Syaodih. 2008. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: PT. Remaja Rosda Karya.
- Sumasari, Yoani Juita. 2014. *Analisis Unsur-unsur Intrinsik dalam Hikayat Cerita Taifah*. *Jurnal Pena*. 4(2): 71-72.
- Sunarto dan Ridwan. 2012. *Pengantar Statistika untuk Penelitian: Pendidikan, Sosial, Komunikasi, Ekonomi, dan Bisnis*. Jakarta: PT Jakarta Aksara.
- Susanto, A. 2016. *Teori Belajar dan Pembelajaran di Sekolah Dasar*. Jakarta: Kencana.
- Tarigan, Henry Guntur. 2008. *Menulis sebagai Suatu Keterampilan Berbahasa*. Bandung: Angkasa.
- Triyanto, Yuli, lan Ali Mustadi. 2020. *The Effect of Problem-Based Learning Model Assisted by Lift the Flap Book: Enhancing Reading Motivation of 3rd Grade Students*. *Journal for the Education of Gifted Young*. 8(1): 152.
- Widyoko, Eko Putro. 2010. *Evaluasi Program Pembelajaran*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.